

TRAVAY SE LIBÈTE

PHOTO : © MARCEL CROZET



Ce matériel ne reflète pas nécessairement les vues ou les politiques du ministère du Travail des États-Unis, et la mention des noms commerciaux, des produits commerciaux ou des organisations n'implique pas l'approbation du gouvernement des États-Unis. 100% des coûts totaux du projet ou du programme sont financés par des fonds fédéraux, pour un total de 1,2 million de dollars.

PATWON, MEN SA OU KA FÈ POU ANPECHE TRAVAY FÒSE NAN IZIN OU :

Travay fòse se yon travay ki fèt sou gwo presyon sanksyon . Presyon ak sanksyon sa yo ka prezante sou plizyè fòm, tankou : menas pou diminye sale ak revokasyon , sezi pyès idantite oubyen travay depase lè. Travay fòse pa kadre ak dwa fondamantal moun genyen pou travay lib e libè. **Atik 4 Kòd Travay** Ayisye an ak Konvansyon 29 Òganizasyon Entènasyonal Travay Ayiti ratifye pa dakò ak travay fòse.

KI LÈ NOU KA DI GEN TRAVAY FÒSE ?

Nou di gen travay fòse:

1. Lè patwon an fòse travayè a fè yon travay li pa t aksepte fè ak tout libète l ;
2. Lè patwon kenbe travayè a sou pretèks li dwe l yon kòb osnon li dwe yon moun nan travay la ;
3. Lè travayè a oblije fè sipleman tè pou l ka rive satisfè pwodiksyon an, san l pa resevwa lajan pou lè sa yo ;
4. Lè travayè a oblije fè sipleman tè pou yo pa revoke l oubyen pou l pa pèdi nan kòb li dwe touche a ;
5. Lè yon travayè fòse osnon oblije fè yon travay anba anpil menas

1. Fè tout sa ki depann de ou pou pa gen menas revokasyon oubyen retire sou kòb yon travayè ki pa dakò fè yon travay nan nenpòt kondisyon ;
2. Pa fòse travayè yo fè sipleman tè san volonte yo. Se vre lalwa rekonèt sipleman tè, men fòk yo dakò;
3. Toujou peye travayè yo sipleman tè yo, jan lalwa mande l;
4. Asire w travayè yo ka founi je gade tout dokiman pèsònèl yo gen nan men w.

KÈK LWA AK KONVANSYON KI PALE KONT TRAVAY FÒSE

- **Atik 4 Kòd Travay** peyi a
- Konvansyon 29 Òganizasyon Entènasyonal Travay
- Konvansyon 105 Òganizasyon Entènasyonal Travay, ki mete yon bout nan travay fòse .